


Èske ou ANSENT epi w ap viv nan yon zòn ki gen Zika?




Men sa nou konnen sou Zika

- ◆ Yon fanm ansent kapab pase Zika bay yon tibebe ki nan vant li.
- ◆ Enfeksyon Zika pandan gwo sès kapab fè tibebe yo fèt malfòme.
- ◆ Zika plis simaye lè yon marengwen ki soti nan espès Aedes mòde moun.
 - » Marengwen sa yo mòde moun anpil pandan lajounen. Epi yo mòde pandan lanwit tou.
- ◆ Pa gen okenn vaksen pou evite Zika oswa medikaman pou trete li.
- ◆ Yon gason kapab simaye Zika bay lòt moun li fè sèks.



Men sa nou pa konnen sou Zika

- ◆ Kilè pandan gwo sès Zika kapab yon danje pou tibebe ki nan vant manman li.
- ◆ Ki chans ki genyen pou enfeksyon Zika afekte gwo sès ou a.
- ◆ Si enfeksyon an ap defòme tibebe ou a.



Sentòm Zika

Pifò moun ki gen Zika p ap menm konnen yo genyen li. Nòmalman moun ki gen maladi a gen ti sentòm ki dire plizyè jou jiska yon semèn.

Sentòm Zika nou wè pi souvan se

- ◆ Lafyèv
- ◆ Gratèl
- ◆ Doulè nan jwenti
- ◆ Je wouj



CDC rekòmande fanm ansent ak fanm k ap eseye tonbe ansent pou pran prekosyon espesyal

Èske ou ansent?

Fanm ansent ak gason yo ki nan relasyon dwe swiv tout etap pou pa kite marengwen mode yo.

Si ou gen yon gason ou nan relasyon ak li, swa itilize kapòt jan ou sipoze a chak fwa w ap fè sèks pandan ou ansent la, oswa pou pa fè sèks menm.

Si ou ta devlope sentòm Zika yo, ale kay yon pwofesyonèl swen sante san pèdi tan pou fè tès.

Nou rekòmande fanm ansent yo al fè tès nan premye vizit swen prenatal yo.



Èske w ap eseye tonbe ansent?

Fanm k ap eseye tonbe ansent ansanm ak gason yo nan relasyon ak yo dwe swiv tout etap pou pa kite marengwen mode yo.

Pale ak pwofesyonèl swen sante ou sou plan ou pou tonbe ansent.

Pi Bon Pwoteksyon Pou Ou: Pa Kite Marengwen Mode Ou

Rad

- Mete chemiz manch long ak pantalon pye long.
- Trete rad ak materyèl (tankou bòt, pantalon, chosèt, ak tant) ak pèmetren oswa achte rad ak materyèl ki trete ak pèmetren.
 - » Pwoteksyon an ap rete sou rad ou trete a apre ou lave yo plizyè fwa. Gade enfòmasyon sou pwodwi a pou konnen konbyen tan pwoteksyon an ap dire.
 - » Si w ap trete rad yo ou menm, swiv enstriksyon yo byen.
- PA mete pwodwi pèmetren dirèkteman sou po ou. Yo la sèlman pou trete rad.



Pwoteje Anndan Kay Ou

- Rete kote ki gen klimatizè oswa kote ki gen twil fenèt ak pòt pou anpeche marengwen yo antre.
- Dòmi anba yon moustikè si ou pa gen klimatizè oswa twil pou chanm ou oswa si w ap dòmi deyò.



Pwodwi Pou Pouse Marengwen

Itilize pwodwi pou pouse marengwen ki anrejistre nan Ajans Pwoteksyon Anviwònmantal [Environmental Protection Agency (EPA)]. Lè nou itilize yo jan yo di nou a, pwodwi pou pouse marengwen yo sennesòf ak efikas, menm pou fanm ki ansent ak sa k ap bay tete.

- Toujou swiv enstriksyon nan etikèt pwodwi a.
- Re-mete jan yo di ou a.
- Pa filter pwodwi pou pouse marengwen sou po ou anba rad.
- Si w ap itilize krèm solèy tou, mete krèm nan avan ou mete pwodwi pou pouse marengwen.

